# ÁDEBIYATTI OQITIWDA INFORMACION TEXNOLOGIYALARDAN PAYDALANIW MÁSELELERI

**S.Kazaxbaev** – *filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so’zlar:** kompyuter, informatsiya, kommunikatsiya, taqdimot, axborot texnologiya.
**Ключевые слова:** компьютер, информация, общение, презентация, информационные технологии.
**Key words:** computer, information, communication, presentation, information technology.

Ulıwma bilim beriw mekteplerinde óz betinshe pikirlewi, aktiv háreket etiwi, sheshimler qabıllawı, ózgeriwshi turmıs jaǵdaylarına beyimlese alıwı tiyis. Oqıtıwdıń dástúriy metodların paydalanıw arqalı bul mashqalalardı sheshiw múmkin emes, joqarı oqıw ornında tómendegishe múmkinshiliklerdi támiynlewshi sharayatlar tuwdırıw kerek hám bul isler joqarı oqıw orınlarında búgingi kúni baslanǵan:

• hár bir talabanıń úyreniw protsessine aktiv tartılıwı;

• hár qıylı mashqalalardı sheshiwde birgelikte jumıs alıp barıwdı úyreniw;

• basqa joqarı okıw orınları talabaları menen qarımqatnasta bolıw;

• dúnya júzi informaciyalıq oraylarındaǵı kerekli informaciyalardı alıw.

Eger biz mektep oqıwshıların tek óz ómirin ǵana emes, al mámleketimiz keleshegin quriwshılar dárejesinde kórgimiz kelse, bilimlendiriwdegi payda bolǵan mashqalalardı sheshiwdıń pedagogikalıq usılların izlep tabıwımız kerek. Bul iste bizge aldıńǵı pedagogikalıq hám informaciyalıq texnologiyalar járdem beredi dep oylaymız. Aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardı informaciyalıq-kommunikativlik texnologiyalarsız kóz aldımızǵa keltiriwimiz múmkin emes, sebebi olar aldıńǵı metodlardıń pedagogikalıq, didaktikalıq funkciyaların tolıǵı menen ashıp beredi.

«Esitsem- umıtaman, kórsem-esimde qaladı, orınlasam-túsinemen» degen Konfuciy tárepinen aytılǵan dana pikirlerdi yadımızda tutqan halda ádebiyat sabaqlarına ayrıqsha itibar qaratıwımız kerek. Ádebiyat sabaqları júdá emocional, kóplegen kórgizbeli qurallar, audio hám video zapislerdi qollanıw arqalı ótkerilse maqsetke muwapıq boladı. Bul isti orınlawda multimediyalıq múmkinshilikleri menen bizge kompyuter texnikası járdem beredi.

Ádebiyat sabaqlarında informaciyalıq texnologiyalardı paydalanıw arqalı oqıtıw formaların jetilistiriw, studentlerdiń belsendiligine erisiw, dóretiwshilik potencialın arttırıw múmkin.

Prezentaciyalardaǵı sxemalar, hár túrli tablicalar waqıttı únemlewge járdem beredi, talabanıń bilimin tekseriwge arnalǵan tapsırmalar bolsa olardı aktivlestiredi, qızıqlı tapsırmalar, hár qıylı krossvordlar hám t.b. talabalardıń sabaqqa qızıǵıwshılıǵın arttıradı.

Oqıtıw processinde kompyuterler tómendegi maqsetlerde paydalanıladı:

-taza materialdı túsindirgen waqıtta onı maksimal qabıllaw ushın;

-úyrenilgen materialdı tolıq bekkemlew ushın;

-talabalardıń bilimin tekseriwdi jaqsılaw ushın;

-pán boyınsha auditoriyadan tısqarı hám talabalardıń óz betinshe jumısların qızıqlı shólkemlestiriw ushın.

Usı maqsetlerdi ámelge asırıw ushın sabaqtıń basınan aqırına shekem tek kompyuterlerden paydalanǵan halda kompyuter xanalarında hám sabaqtıń ayırım etaplarında tek bir kompter hám proektor járdeminde Power Point dástúrinde jaratılǵan slayd-filmlerdi qollanıw múmkin. Búgingi biziń oqıtıw processimizde usı forma aktiv qollanılıp kelmekte. Bul lekciyalardı oqıwdıń eń effektiv formalarınan dep oylaymız, sebebi, oqıtıwshı sabaq protsessinde talabalardıń temaǵa qızıǵıwshılıǵın arttıradı, oylandıradı, kóplegen oqıw materiallarınan paydalanıwǵa úyretedi, talabalardı óz betinshe sheshim qabıllawǵa, juwmaq shıǵarıwǵa úyretedi.

Búgingi kúni kópshilik pedagoglar zamanagóy informaciyalıq texnologiyalardıń tásirin esapqa alǵan halda olardı óz metodikasına engizip atır. Lekin, bul process qandayda bir reformalarǵa tiykarlanıp birden júz beriwi múmkin emes, ol áste aqırınlıq penen oqıw processine engiziledi. Bilimlendiriwde informaciyalıq texnologiyalardı qollanıw bir qansha basqıshlardı ótiw arqalı engiziliwi múmkin:

Birinshiden, jańa informaciyalıq texnologiyalardıń hám birinshi náwbette, kompyuterlerdiń massalıq túrde turmısqa engiziliwi;

Ekinshiden, kompyuterlerdi oqıw processine engiziw múmkinshiliklerin úyreniw ushın izertlewler alıp barıw;

U’shinshiden, jámiyet informatizaciya processiniń mazmunına tolıq túsiniwi tiyis

Solay etip, informaciyalıq texnologiyalardı sabaq processinde qollanılıwın analizley otırıp, tómendegishe juwmaq jasawǵa boladı:

-talabalardıń biliw iskerligi aktivlesedi;

-sabaqlar joqarı estetikalıq hám emocional dárejede ótkeriledi,

-oqıtıwdıń sıpatı joqıralaydı,

-sabaq processinde orınlanatuǵın jumıs kólemi 1,5-2 esege artadı;

-bilimdi qadaǵalaw sıpatı artadı;

-izertlew iskerligin alıp barıw kónlikpelerin payda etedi;

-hár qıylı informaciyalıq resurslar, elektron kitapxana hám t.b. menen islesiw kónlikpelerin payda etedi [6].

Keleshekte bilimlendiriwdıń basqa ele de jetilisken formalarına itibar qaratıwımız kerek boladı. Búgingi kúni – aq informaciyalıq kommunikativ texnologiyalar bazasında aralıqtan oqıtıw metodikasına dıqqat awdarılıp atır. Biraq bul tarawda biziń aldımızda orınlanıwı tiyis bolǵan wazıypalar júdá kóp.

İnformaciyalıq kommunikativ texnologiyalar oqıtıwshınıń qolındaǵı kúshli pedagogikalıq qural bolıp, onı hár bir pedagog tolıq iyelewi hám óz sabaqlarında keńnen paydalanıwı kerek.

Házirgi dáwirde Ózbekstannıń úzliksiz bilimlendiriw sistemasında tiykarǵı orınlardıń birin iyeleytuǵın ulıwma orta bilim beriw mekteplerin pitkeriwshiler mámleketlik tálim standartları talapları boyınsha qaraqalpaq ádebiyatın úyrenedi.

Qaraqalpaq ádebiyatı muǵallimi óz sabaqlarında dástúriy usıllar menen birgelikte aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya metodlarınan da paydalanıwı múmkin. Hár qanday sabaq barısında barlıq basqıshlar tolıǵı menen orınlanıp baradı, shólkemlestiriw, úyge tapsırmanı soraw, taza temanı túsindiriw, ótilgen taza temanı bekkemlew, úyge tapsırma beriw hám oqıwshılardıń bilimin bahalaw sıyaqlı barlıq basqıshlar ótkeriledi. Búgingi kún oqıtıw processinde oqıwshı menen muǵallimniń orınlaytuǵın jumıslarınıń kólemi, xarakteri ózgerip barmaqta. Muǵallim oqıwshılardıń másláhátshisi, al oqıwshı bolsa aktiv bilim toplawshı jeke shaxs, onı búgingi kúni oqıtıw emes, al onıń oqıwı talap etiledi. Sonıń ushın pánlerdi oqıtıw metodikasında da ayırım bir ózgerisler júz beredi. Sebebi, muǵallim sabaqtıń shólkemlestiriwshisi sıpatında oqıwshılardı oqıtıwdıń hár qıylı metodların paydalanǵan halda jumıs islewge baǵdarlap turadı. Oqıtıw metodı - bul gózlengen yamasa jobalastırılǵan bilim maqsetlerine erisiw ushın zárúr bolǵan ámeller izbe-izligi bolıp esaplanadı. Oqıtıwdıń tiykarǵı úsh túri belgili, olar - individual, jeke tártipte islewge tiykarlanǵan túrleri, jarısıwǵa tiykarlanǵan túrleri, birgelikte islesiwge tiykarlanǵan túrleri. Oqıtıwdıń individual, jeke tártipte islewge tiykarlanǵan túrleriniń maqseti bir oqıwshınıń maqsetke erisiwi basqa oqıwshılardıń maqsetke erisiwleri menen baylanıslı emes, jarısıwǵa tiykarlanǵan túrleriniń maqsetleri sonnan ibarat qashan basqa oqıwshılar óz maqsetine erise almasa,

oqıwshı óz maqsetlerine erisedi, al úshinshi birgelikte islesiwge tiykarlanǵan túrleriniń maqsetinda bolsa, oqıwshı óz maqsetine basqa oqıwshılar menen birgelikte erisedi. Oqıtıwdıń birgelikte islesiwge tiykarlanǵan túriniń abzallıqları:

İnsanlar arasında unamlı múnásiybetlerdi qollap quwatlaw;

Oqıwshılarda qorqıw dárejesin kemeytedi;

Ashıq, nátiyjeli hám durıs qatnaslardı (kommunikaciya) qollap-quwatlaydı;

Oqıwshılardıń biyparwalıǵın dárejesin kemeyttiredi;

Tálimde "hár kim hár kimdi oqıtadı" principin qollap-quwatlaydı;

Kóp tarawlı hám kóp túrli oqıtıwdı engiziwge járdemlesedi;

Divergent (basqalardikinen parıq etiwshi) pikirlewdi rawajlandıradı [3:9-11].

Kórkem sóz sheberi dóretiwshiligin insert metodı arqalı úyreniw usınıs etildi, dáslep muǵallim taza temanı oqıwshılarǵa vizual kórgizbeli prezentaciyanı paydalanǵan halda túsindiredi. Prezentaciyadan keyin oqıwshılarımızdıń óz betinshe jumıs islewi ushın hár qıylı metodlardı paydalanıw múmkin. Máselen, Kórkem sóz sheberi dóretiiwshiligin oqıtıwda kitap penen islesiwge ayrıqsha dıqqat awdarıw názerde tutıldı, óz betinshe kitaptı oqısa, toparlarda belgilengen jumıslardı orınlasa, yaǵnıy muǵallim tárepinen tayarlanǵan sorawlarǵa kesteler metodın paydalanǵan halda toparlarda jumıs alıp barsa, esitiw, kóriw hám ámeliy jumıslardı orınlap, máselelerdi dodalaw arqalı oqıwshı taza temanı ózlestiredi, sonıń menen birge kórkem sóz sheberi dóretiwshiligin oqıtıwda «Bilemen/ Biliwdi qáleymen/Bilip aldım» metodın tańlaw múmkin. Bul metod tema, tekst, bólim boyınsha izleniwshilikti alıp barıw imkaniyatın jaratadı. Sistemalı pikirlew, sistemaǵa keltiriw, analiz islew kónlikpelerin rawajlandıradı.

## Ádebiyatlar


1. Ziyomuhamedov B., Abdullaev Sh. «İlg'or pedagogik texnologiya: Nazariya va amaliyot». –Toshkent: 2001.
2. Farberman B.L. «İlg'or pedagogik texnologiyalar». -Toshkent: «FAN». 2000.
3. Qodirova F. «Pedagog kadrlarga yangi pedagogik texnologiya haqida metodika», «Til va adabiyot ta'limi», 2001, № 4.
4. Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwdı jetilistiriw. –Nókis: 2000.
5. Usmanova K. Adabiy ta'limda ilg'or pedagogik texnologiyalar. –Toshkent: 2004.
6. Paxratdinov A. Qaraqalpaq a'debiyatın oqıtıw metodikası. -N.: 2004.
7. Palımbetov K., Pirniyazov I. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası, 8-klass ushın metodikalıq qollanba. -N.: 2009.
8. Azizxujaeva N.N. Pedagogikalıq texnologiyalar hám pedagogikalıq sheberlik. –Toshkent: 2006.



**REZYUME.** Maqolada oʻqituvchilar zamonaviy kompyuter texnologiyalaridan samarali foydalanishi va mavjud texnik vositalarni bilishi zarurligi tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется потребность педагогов в эффективном использовании современных компьютерных технологий и владении имеющимися техническими средствами.

**SUMMARY.** The article analyzes the need for teachers to effectively use modern computer technologies and know the available technical tools.


# 3-4 JASAR BALALARDI OYIN - SHINIǴIWLARǴA HÁM SHET TILLERDE SANAWǴA ÚYRETIW


**Sh.J.Qochanov** – *student*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq instituti*



**Tayanch soʻzlar:** yosh bolalar, harakatli oʻyin, badan tarbiyasi, tarbiyachi, turish, oʻtirish, qoʻl, oyoq, sanash.

**Ключевые слова:** маленький ребенок, игра, физическая культура, стоять, сидеть, руки, ноги, считать.

**Key words:** small child, game, physical education, stand, sit, arms, legs, count.


Prezdentimiz Sh.M.Mirziyoevtıń 2017 jılǵı qararı [1] hám tikkeley basshılıǵı astında, Ózbekstan Respublikasında sonıń ishinde Qaraqalpaqstanda da mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń tálim - tárbiyasına ayrıqsha dıqqat bólinbekte. Kishkene nárestelerimizdiń hár tárepleme tálim – tárbiyası mámleketlik dárejedegi eń áhmiyetli máseleler qatarında kóterildi. Balalar baqshalar sanı kóbeydi, olardıń materiallıq hám texnikalıq táminleniwi dúnyadaǵı eń zamanagóy talaplarǵa juwap beretuǵın boldı. Onda islewshi kadrlar sapası hám sanı artpaqta. Mektepke shekemgi tálim túrleri kóbeydi, oqıtıw hám tárbiya isleri rejeleri, baǵdarları, metodları, oqıw ádebiyatları hám usılları jańa zaman talaplarına say dárejege jetti.

Jeti jasqa shekemgi balalardı mektepke tayarlawǵa, olardıń den sawlıǵına, qáwipsizligine hám hár tárepleme aqıllı hám ziyrek etip tárbiyalawǵa ayrıqsha dıqqat bólinbekte.

Maqalada 3-4 jastaǵı balalardıń aqılıy hám fizikalıq rawajlanıw dárejelerin, olardıń ele kishilew ekenliklerin esapqa alǵan halda biz tómendegi kishkentaylardıń qolların, barmaqların, ayaqların, sawsaqların, buwınların, bulshıq etlerin rawajlandırıwǵa shaqqanlıǵın, kórgishligin, sezgirligin, uqıplılıǵın arttırıwǵa hám hár tilde sanawlarǵa úyretiwge baǵıshlanǵan shınıǵıw – oyınların usınıp otırmız.

Kishkene 3-4 jasar balalardıń yadlaw hám umıtpaw qabıleyeti júdá jaqsı boladı, bul dáwirdi ilimde «senzitiv dáwir», - dep ataydı. Bunıń ushın hár bir shınıǵıwdıń háreketlerin tárbiyashı yaki trener balalar menen birge dawsın qattı shıǵarıp sanap oynatıwları kerek boladı. Hám bul sanawlardı hár shınıǵıwdıń háreketlerin orınlawda qaytalap turıw jaqsı nátiyje beredi.

Mektepke shekemgi mekemelerde kishkentaylarımız qolların hám ayaqların shınıqtırıwdı tárbiyashı yamasa trenerler basshılıǵında dizimli túrde úzliksiz alıp barıw kerek. Bul oyınlardı orınlaw barısınıń dáslepki dáwirinde hár kúngi shınıǵıwlardı hár tilde, máselen, birinshi kúngi shınıǵıwlarda - qaraqalpaq tilinde: bir, eki, úsh, tórt, bes, altı, jeti, segiz, toǵız, on; ekinshi kúngi shınıǵıwlarda - ózbek tilinde: bir, ikki, úch, tórt, besh, olti, etti, sakkiz, toqqiz, un; úshinshi kúngi shınıǵıwlardı russ tilinde: один,(раз) два, три, четыре, пять, шесть, семь, восемь, девять, десять hám tórtinshi kúngi shınıǵıwlarda anglichan tilinde: one, two, three, four, fire, six, seven, eight, nine, ten, - dep sanawlardı úyretiw jaqsı nátiyje beredi hám balalardıń yadında uzaqqa saqlanadı.

Keyingi barlıq shınıǵıwlarda balalar usı taqılette hár háreketin sanap úyrenip barıwları kerek boladı. Usınıń nátiyjesinde bir - eki háptelik shınıǵıwlardan keyin balalar ózleri sanaytuǵın bolıp úyrenip ketedi.

Usınılıp atırǵan oyınlardı ótkeriw tártip qaǵıydalarına toqtap ótemiz.

**Kishkentaylardıń qolların shınıqtırıw oyınları.**

Kishkene balalar ekew ara biri – birine qarsı qarap turadı yamasa otıradı.

**1– shınıǵıw - oyın.** Birinshi bala óziniń eki qolın biri birine eki ret shappatlap keyinen dostınıń tuwrı uslap turǵan qollarına eki ret uradı. Oyın ulıwma 10 márte qaytalanadı.

**2 – shınıǵıw - oyın.** Birinshi bala óz gezeginde qolların 2 ret shappatlap bolıp dostı urıwı ushın qolın dúziw ashıp turadı. Dostı óz gezeginde birinshi balanıń qolına 2 ret shappatlap bolıp 2 ret uradı. Oyın ulıwma 10 márte qaytalanadı.

**3- shınıǵıw - oyın.** Birinshi bala qolların 2 ret shappatlap dostınıń arasın ashıp uslap turǵan qollarınıń alaqanına eki ret uradı. Oyın ulıwma 10 márte qaytalanadı.